

Fèy de wout pou Fanmi

Byenvini nan Fèy de wout pou Fanmi

Ou kapab gade videyo a pou aprann plis de fèy de wout la.

Dwa ak Edikasyon Ou yo

Ozetazini, lekòl yo ak fanmi yo travay ansanm pou ede timoun yo aprann ak grandi. Gen lwa pou asire chak timoun jwenn yon bon edikasyon. Menm dwa ak pwoteksyon lekòl piblik yo aplike pou tout elèv ak fanmi yo. Elèv k ap aprann anglè kòm yon nouvo lang gen pwoteksyon ki gen rapò ak resevwa sipò lang epi yo kapab patisipe nan tout aktivite lekòl yo.

Fanmi yo dwe konprann dwa elèv yo. Apre sa, yo konnen kisa yo kapab atann de lekòl yo a. Yo kapab asire yo jwenn pi bon edikasyon posib. Sa ede prepare elèv yo pou yon bèl avni.

[Eksplòre plis dwa ak edikasyon yo.](#)

Opsyon Lekòl yo

Resous sa a pral ede w aprann divès opsyon lekòl ki disponib pou ou menm ak fanmi w nan eta Ohio. Li gen ladann enfòmasyon sou lekòl piblik tradisyonèl yo, lekòl endepandan yo, ak lekòl prive yo. Gen anpil rezon ki fè fanmi yo chwazi yon tip lekòl pase yon lòt. Ohio gen uit opsyon lekòl ak opsyon pou elèv ak andikap.

Timoun yo gen plis chans pou yo travay byen lekòl lè paran yo oswa moun k ap okipe yo entegre. Pou patisipe nan edikasyon pitit yo, li itil pou paran oswa moun k ap bay swen yo a konprann ki jan lekòl yo òganize. Sistèm lekòl yo kapab diferan. Li itil pou konnen ki opsyon fanmi yo, paran yo oswa moun k ap bay swen yo genyen pou sipòte pitit yo.

[Eksplòre Ohio Statewide Family Engagement Center's Choose a School Tool](#) pou ede fanmi w fè pi bon chwa lekòl pou pitit ou a.

Enskripsyon

Enskri Pitit Ou nan Ohio

Kòmanse yon nouvo lekòl se yon moman eksitan pou timoun yo ak pou fanmi yo. Se kòmansman nouvo relasyon ak zanmi e pwofesè. Se yon moman tou kote fanmi w ap vin yon pati kominote lekòl la. Anvan pitit ou kapab kòmanse lekòl, ou dwe enskri yo. Pandan enskripsyon an, w ap aprann sou anpil pwogram ak sa lekòl la gen pou ofri elèv yo ak fanmi yo.

[Eksplòre plis de enskripsyon pitit ou lekòl.](#)

Konprann prezans lekòl la

Timoun ki ale lekòl souvan gen plis chans pou yo byen travay lekòl. Elèv ki ale lekòl chak jou gen nèf fwa plis chans pou yo gradye nan segondè. Yo gen sis fwa plis chans pou yo reyisi lekti nan twazyèm ane a. Pou rezon sa a, timoun yo dwe ale lekòl toutan sa posib. Nan Ohio, lekòl yo kenbe yon dosye sou kantite èdtan timoun yo ale lekòl.

[Eksplòre plis de prezans lekòl la.](#)

Konpann pwogrè akademik pitit ou.

Konpann pwogrè akademik pitit ou enpòtan pitit ou reyisi nan lekòl. Lè w konnen ki jan yo byen pase nan etid yo, ou kapab sipòte ak gide yo yon fason efikas. Gen plizyè fason lekòl pitit ou a kapab evalye aprantisaj yo, tankou egzamen ak devwa. Sa yo bay apèsi enpòtan sou pakou edikasyon yo.

[Eksplòre plis de pwogrè akademik ak nòt.](#)

Sipò Lang Anglè

Lekòl ak edikatè Ohio yo vle pitit ou yo pwofite opòtinite sa yo pou yo ka byen kominike nan mond lan. Sa enkli bay Sipò Lang Anglè pou elèv ki bezwen li. Lekòl yo gen etap espesifik ak sipò pou ede elèv yo amelyore konpetans nan lang anglè a.

[Eksplòre plis de Sipò Lang Anglè yo.](#)

Travay Ansanm pou sSiksè

Travay Ansanm ak Lekòl la pou Reyisit Pitit Ou

Pèsonn pa konnen pitit ou pi byen pase ou menm ak fanmi w. Ou kapab kontakte lekòl la lè w vle aprann de fason pou sipòte edikasyon pitit ou a oswa lè pitit ou bezwen èd. Ou kapab tou lekòl la pou asire pitit ou a sou chemen pwogrè.

[Eksplòre plis de travay ak lekòl yo.](#)

Fason pou w patisipe nan komite ak ekip lekòl yo

Lè fanmi yo ak pwofesè yo travay ansanm, timoun yo gen plis chans pou yo reyisi, ale lekòl chak jou, epi yo santi yo konekte ak kamarad klas yo ak pwofesè yo. Paran ak moun k ap okipe lekòl yo santi yo fè pati kominote lekòl la. Yon fason enpòtan kèk fanmi chwazi pou patisipe nan lekòl pitit yo se lè yo rantre nan yon ekip oswa komite lekòl la. Paran ak moun k ap bay swen yo kapab rankontre lòt fanmi yo epi travay avèk pwofesè yo ak administratè yo pou yo pran desizyon konsènan lekòl la oswa distri a.

[Eksplòre plis de patisipasyon nan lekòl pitit ou a.](#)

Gradyasyon

"Nou konnen li pa fasil, men w ap fè yon gwo travay pou avni pitit ou." - Pwofesè Ohio

Sipòte Gradyasyon Pitit Ou

Gradyasyon lekòl segondè se yon premye etap enpòtan pou jèn granmoun yo eksplòre opsyon inivèsite ak karyè yo. Pou asire yo prepare elèv yo pou reyisi alavni, lekòl Ohio yo gen kondisyon elèv yo dwe ranpli pou yo gradye. Ou kapab ede pitit ou a gradye epi prepare pou avni li. Revize kondisyon gradyasyon yo ak diferan fason ou kapab sipòte yo.

[Eksplòre plis de gradyasyon.](#)

Prepare pitit ou pou yon bèl avni

Fanmi w jwe yon wòl enpòtan nan prepare pitit ou a pou avni. Kèlkeswa chemen pitit ou a pran, ou kapab sipòte yo pandan w ap ede yo eksplòre opsyon yo a pou avni. Ou kapab kesyone yo sou pakou oswa karyè ki enterese yo a. Oubyen ou kapab kòmanse

kesyone sou rèv ak objektif yo. Ou kapab eksplòre tou èd ki disponib nan lekòl pitit ou a ak nan kominote w la.

[Eksplòre plis de opsyon inivèsite ak karyè yo.](#)

Sipò Adisyonèl

Ede Pitit ou ak Aprantisaj (anliy) vityèl

Aprantisaj vityèl se yon fason pou aprann itilize teknoloji e li chanje fason nou aprann nan lekòl. Li bay timoun tout laj opòtinite pou yo byen grandi nan konpreyansyon yo de mond ki antoure yo a. Pou pwofite teknoloji sa a, lekòl yo itilize aprantisaj vityèl pou ede elèv yo ak aprantisaj yo. Fason lekòl yo itilize aprantisaj vityèl kapab diferan nan chak lekòl ak nan chak nivo. Li enpòtan pou w konprann fason pou sipòte aprantisaj vityèl nan kay la.

[Eksplòre plis de aprantisaj vityèl oswa anliy.](#)

Pwogram pou elèv andeyò lè lekòl

Nan Ohio, gen pwogram elèv yo kapab antre andeyò lè lekòl la. Pwogram sa yo kapab fèt anvan oswa apre lekòl. Gen kèk pwogram pandan konje lekòl yo. Gen kèk pwogram ki kapab bay sipò adisyonèl pou elèv ki bezwen èd nan lekòl. Yo kapab ede timoun yo travay pi byen lekòl lè yo ba yo yon kote trankil pou fè devwa epi jwenn aksè ak yon òdinatè e ak entènèt. Yo menm tou yo kapab bay èd adisyonèl ak travay lekòl yo oswa fè aktivite amizan ki anseye nouvo bagay. Nan pwogram sa yo, timoun yo ka fè nouvo zanmi epi aprann de lòt moun. Fanmi yo kapab bezwen enskri pitit yo oswa satisfè sèten règleman. Pwogram sa yo kapab gratis oswa kapab gen lòt frè. Gen kèk pwogram ki menm bay timoun yo manje oswa èd ak transpò.

[Eksplòre plis de pwogram andeyò lekòl yo.](#)

Sipòte sante mantal pitit ou

Nan Ohio, lekòl yo travay pou sipòte timoun nan annantye. Sa ve di lekòl la sousye de siksè akademik ak byennèt chak elèv. Pou rezon sa a, lekòl yo bay resous pou sipòte mante santal elèv yo.

Eksplòre plis de sipòte sante mantal pitit ou.

Itilize entèprèt pou kominike ak lekòl yo

Nan Ohio, lekòl yo ak fanmi yo travay ansanm pou ede timoun yo reyisi. Yo fè sa lè yo pale epi pataje enfòmasyon enpòtan ak youn ak lòt. Lekòl yo dwe pataje enfòmasyon nan lang fanmi yo prefere. Fanmi w kapab jwenn èd nan men entèprèt pou poze kesyon epi pataje lide w oswa enkyetid ou ak lekòl la.

[Eksplòre plis de itilizasyon entèprèt yo.](#)

Lis òganizasyon yo

Resous yo nan Ohio

Òganizasyon sa yo konsantre sou ede fanmi ki nouvo nan Ohio epi ki pale lòt lang ki pa anglè.

[Telechaje yon kopi lis òganizasyon yo sou òdinatè w oswa aparèy ou.](#)

Glosè

Glosè sa a fèt pou ba ou definisyon ak esplikasyon senp sou tèm komen de lekòl ak edikasyon. Resous sa a pral ede w pi byen konprann edikasyon pitit ou.

[Eksplòre glosè.](#)

Resous sa yo vize ranfòse akademik, byennèt elèv yo, ak inivèsite ak rezilta karyè pou aprenan yo nan Ohio. Resous yo te kreye atravè yon efò kolaborasyon ant Ohio Department of Education and Workforce and The Ohio State University's Center "Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio ak Sant" sou Edikasyon ak Fòmasyon pou Travay Ohio State University ansanm ak yon gwoup defansè fanmi devwe, lidè kominotè, pèsonèl distri lekòl la, ak pwofesè yo.